



# DEPATMAN BIWO JISTIS DWA SIVIL AK SEKIRITE PIBLIK DELAWARE FÒM APLIKASYON PWOGRAM INOSANS REYÈL

## ENSTRIKSYON YO

Pou Depatman Jistis detèmine kalifikasyon ou pou Pwogram Inosans Reyèl la (“Pwogram lan”), ou dwe reponn anpil nan kesyon ki anba yo epi bay plis enfòmasyon posib. Si ou gen dokiman sipò, deklarasyon sou sèman oswa lèt, tanpri bay kopi dokiman sa yo - pa soumèt sa ki orijinal yo oswa sèl kopi ou genyen nan yon dokiman. Tanpri pa ezite itilize papyè adisyonèl si repons ou yo paka pran sèlman espas ki la pou sa a. Depi ou fin ranpli li, ou ka soumèt fòm lan ak tout dokiman sipò yo pa vwa elektwonik bay [PublicTrust@state.de.us](mailto:PublicTrust@state.de.us) oswa voye fòm lan ak tout dokiman sipò yo atravè lapòs Etazini nan Depatman Jistis Delaware, Biwo Dwa Sivil ak Sekirite Piblik, 102 West Water Street, Dover, Delaware 19904. Keseswa se soumisyon pa vwa elektwonik oswa pa lapòs Etazini, tanpri kenbe yon kopi fòm lan ranpli ak tout dokiman sipò yo pou dosye ou yo.

Pwogram lan pral sèlman revize kondanasyon (yo) ki satisfè kondisyon sa yo;

- 1) Kondanasyon an dwe te nan Tribinal Siperyè nan Eta Delaware,
- 2) Delenkan ki kondane a dwe yon moun ki vivan,
- 3) Dwe gen yon reklamasyon inosans reyèl, pa yon pwoblèm legal,
- 4) Nouvo prèv fizik ak syantifik kredib dwe egziste
- 5) Reklamasyon an pa dwe frivòl, ak
- 6) Delenkan ki kondane a renonse ak pwoteksyon pwosedi ak privilèj li yo, li dakò kolabore avèk Pwogram lan epi li dakò bay divilgasyon konplè konsènan tout kondisyon ankèt nan Pwogram lan. Tanpri ranpli epi siyen Egzansyon pwoteksyon pwosedi ak Privilèj ki tache ak kesyonè a.

Pwogram lan pa revize reklamasyon ki pa gen rapò ak inosans tankou sa ki konsène erè pwosedi nan jijman ak asistans avoka ki pa efikas. Ka sa yo ka egzamine epi ranvwaye imedyatman pa Pwogram lan. Pwogram lan pral sèlman konsidere aplikasyon ki reklame egzistans prèv fizik, syantifik, oswa dokimantè (ki gen ladan dosye telefòn, dosye elektwonik, ekri, anrejistreman odyo, oswa anrejistreman videyo) sijere ke aplikan an ap sèvi prizon lè li pa komèt okenn krim an reyèlite.

Si ou gen kesyon, tanpri voye yon imèl nan [PublicTrust@state.de.us](mailto:PublicTrust@state.de.us) oswa rele (302) 577-5400.

## ENFÒMASYON OBLIGATWA

1. Non moun ki mande yon revizyon sou kondanasyon li/li:

---

- Nimewo Idantifikasyon Biwo Eta Moun ki Kondane a: \_\_\_\_\_

- Adrès postal aktyèl moun ki kondane a: \_\_\_\_\_

---

- Nimewo telefòn moun ki kondane a (si li pa enkasere): \_\_\_\_\_

2. Non moun ki ranpli aplikasyon (si aplikan an diferan demoun:ki kondane a):

---

- Adrès aktyèl aplikan an: \_\_\_\_\_

---

- Nimewo telefòn aplikan an: \_\_\_\_\_

- Relasyon aplikan an ak moun ki kondane a: \_\_\_\_\_

3. Nimewo dosye: \_\_\_\_\_

4. Akizasyon (yo) pou ki ou te kondane yo ki se/se baz demann revizyon sa a:

---

---

5. Dat kondanasyon (yo): \_\_\_\_\_

6. Tribinal kote kondanasyon (yo) te fèt: \_\_\_\_\_

---

7. Èske te gen yon vèdik koupab oswa yon plede koupab? Vèdik \_\_\_\_\_ Plede \_\_\_\_\_

8. Non avoka defans nan jijman/plede: \_\_\_\_\_

9. Èske pat gen okenn apèl dirèk ki te depoze: Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

10. Si nenpòt apèl dirèk te depoze:

- Dat apèl yo te depoze: \_\_\_\_\_
- Dat apèl yo te deside: \_\_\_\_\_
- Ki apèl, si genyen, ki toujou annatant: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Non avoka pou apèl dirèk: \_\_\_\_\_

11. Èske gen nenpòt mosyon pou soulajman pòs-kondanasyon ki te depoze: Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

12. Si gen mosyon ki te depoze:

- Dat mosyon (yo) te depoze: \_\_\_\_\_
- Dat mosyon (yo) te deside: \_\_\_\_\_
- Ki apèl, si genyen, ki toujou annatant: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Non avoka pou mosyon apre kondanasyon: \_\_\_\_\_

13. Èske te gen yon demann pou tès ADN apre kondanasyon? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

- Si wi, èske demann yo te akòde? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_
- Fè lis sa ki te teste ak rezilta tès la (yo): \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

---

---

---

14. Eksplike an detay poukisa kondanasyon an pa bon. Tanpri dekri an detay ki prèk fizik, syantifik oswa lòt dokimanète ki sipòte reklamasyon inosans ou an, tankou si gen prèk legal ki pa teste, prèk odyo oswa videyo, prèk elektwonik tankou imel oswa dosye telefòn selilè. Tanpri enkli fèy papye adisyonèl si gen nesesite pou plis espas:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

15. Tanpri bay nenpòt lòt enfòmasyon ki ta ka itil nan revizyon kondanasyon an (yo), ki gen ladan non ak kontak enfòmasyon pou moun ki ta ka bay asistans nan verifikasyon reklamasyon kondanasyon ki pa bon:

---

---

---

---

---

---

---

---

Dat soumisyon: \_\_\_\_\_

Tanpri, sonje Pwogram lan revize ka yo nan sèl objektif pou mennen ankèt sou reklamasyon inosans reyèl. Desizyon pou revize ak kontinye ankèt sou yon reklamasyon pa ka dedwi kòm yon akseptasyon validite swadizan reklamasyon inosans sa. Anplis, nan konsantman pou pèmèt tès ADN, Eta Delaware pa akòde epi li pa pran okenn pozisyon sou siyifikasyon an (oswa mank) nan nenpòt rezilta ADN ki ka jwenn nan pwosesis tès la. Anplis, Pwogram lan pa aji kòm konsèy legal pou nenpòt moun ki gen ka ki nan investigasyon.

## Pwogram Inosans Reyèl Depatman Jistis Delaware

### EGZANSYON AK KONSANTMAN

Eta Delaware, Konte \_\_\_\_\_

Tribinal Siperyè nan Delaware, # Ka \_\_\_\_\_

Non Delenkan ki Kondane a: \_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Dènye Nivo Edikasyon: \_\_\_\_\_

Dat Swadizan Ofans: \_\_\_\_\_ Dat Kondanasyon: \_\_\_\_\_

Delenkan kondane a dwe revize fòm egzansyon konplè ak konsantman anvan yo soumèt.

Delenkan kondane a dwe mete inisyal li/li sou bò dwat chak deklarasyon si li/li dakò ak deklarasyon an epi dakò pou l konfòme li avèk tèm ki ladan yo.

Pwogram Inosans Reyèl Depatman Jistis Delaware a dwe refere yo kòm “Pwogram lan” nan tout dokiman sa a.

### EGZANSYON NAN PWOTEKSYON PWOSEDI & PRIVILÈJ/KONSANTMAN POU ANKÈT

1. Mwen rekonèt yo te kondane mwen pou ofans sa a (yo) ki note anwo a pa Eta Delaware: \_\_\_\_\_
2. Mwen kwè prèv nouvo epi kredib sou inosans dwe egziste: \_\_\_\_\_
3. Mwen mande pou Pwogram lan revize reklamasyon mwen an pou inosans konplè ki reyèl: \_\_\_\_\_
4. Mwen konsanti pou Pwogram lan mennen yon ankèt fòmèl sou ka mwen an: \_\_\_\_
5. Mwen dakò kolabore konplètman ak Pwogram lan: \_\_\_\_\_
6. Mwen dakò pou mwen bay divilgasyon konplè konsènan tout kondisyon ankèt nan revizyon Pwogram lan: \_\_\_\_\_
7. Mwen konprann si mwen refize kolabore nan nenpòt fason oswa vin pa vle kolabore ak Pwogram lan, ankèt la ka sispann: \_\_\_\_\_
8. Mwen konprann Pwogram lan ka detèmine ka mwen an pa satisfè kritè yo epi a nenpòt moman rejte reklamasyon mwen an: \_\_
9. Mwen konprann mwen pa gen okenn dwa fè apèl kont yon rejè reklamasyon mwen an pa Pwogram lan: \_\_\_\_\_

10. Mwen konprann Pwogram lan ka bay otorite ki apwopriye yo divilgasyon bagay sa yo:
- (a) Prèv Pwogram lan dekouvri ki sipòte kilpabilite mwen an: \_\_\_\_\_
  - (b) Prèv Pwogram lan dekouvri ki gen tandans montre mwen ka te komèt krim ki pa gen rapò: \_\_\_\_\_
  - (c) Prèv Pwogram lan dekouvri ki gen tandans montre mwen ka koupab de yon krim pi wo nivo pase sa yo akize oswa kondane m lan: \_\_\_\_\_
  - (d) Prèv Pwogram lan dekouvri ki gen tandans montre ke lòt moun ka te patisipe nan komèt krim mwen te kondane pou li a: \_\_\_\_\_
  - (e) Prèv zak kriminèl, move kondwit pwofesyonèl ak lòt move aksyon moun ap refere bay otorite ki apwopriye yo: \_\_\_\_\_
11. Mwen konprann tou ke prèv Pwogram lan dekouvri ki favorab pou mwen pral divilge pa mwen menm kèlkeswa rezilta revizyon an: \_\_\_\_\_

### **REKONESANS PA DELENKAN KONDANE A**

Mwen te li epi konprann tout deklarasyon ki anwo yo. Lè mwen soumèt aplikasyon sa a, mwen konprann epi dakò konfòme mwen avèk nenpòt ki tèm isit la. Mwen afime tou, lèm soumèt aplikasyon sa a, ke tout enfòmasyon yo se verite ak egzat dapre sa mwen konnen. Fè fo deklarasyon sou aplikasyon sa a ka mennen w lajistis. Pa gen moun ki te di mwen pou mwen dakò ak anyen ke mwen opoze oswa pa konprann. Akò mwen yo se nan pwòp volonte mwen epi mwen yo bay volontèman.

Dat: \_\_\_\_\_

Non delenkan kondane a (Ekri oswa tape): \_\_\_\_\_

### **SÈTIFIKASYON AVOKA POU MOUN KI KONDANE** (si reprezante pa konsèy)

Mwen sètifye la ke mwen te konplètman eksplike bay Delenkan kondane a chak deklarasyon e ke soumisyon li/li a se rezilta desizyon endepandan ak enfòmasyon pa li/li. Mwen sètifye pi lwen ke mwen te avèk Delenkan kondane a pandan li/li tap ranpli aplikasyon an e ke non ki sou aplikasyon anwo a se vrèman pou moun sa ki kondane a.

Dat: \_\_\_\_\_

Non Avoka pou delenkan kondane a (Ekri oswa tape): \_\_\_\_\_

**Fòm orijinal ranpli sa a dwe livre nan Pwogram Inosans Reyèl la. Tanpri kenbe yon kopi pou dosye ou yo.**